

# NYC SOU BIZNIS

➤ Resous pou Rive  
Relouvri Biznis Ou an



# > DEPATMAN POU SÈVIS TI BIZNIS VIL NEW YORK (SBS)

Ede deklanche potansyèl ekonomik la epi kreye sekirite ekonomik pou tout moun New York yo nan fè yo jwenn bon travay, kreye biznis ki pi solid, epi konstui katye ki ap mache byen nan senk (5) minisipalite yo.

# NYC Business Solutions Centers nou yo kapab konekte ou ak resous ou bezwen yo pou ou kòmanse, jere, oswa grandi biznis ou an.



## KOU SOU BIZNIS

Elabore plan biznis ou epi jwenn konsèy sou estrateji ki bon pou biznis ou.



## ÈD JIRIDIK

Jwenn aksè nan rezo avoka gratis nou an ki ka reponn tout kesyon jiridik ou yo.



## ASISTANS POU FINANSMAN

Jwenn finansman ou bezwen an.



## REKONPANS

Ekonomize lajan epi kenbe tèt ou nan yon bon pozisyon pou jwenn rekonpans gouvènman an.



## FASON POU NAVIGE GOUVÈNMAN AN

Jwenn bon koneksyon yo. Nou pral konekte ou ak ajans gouvènman ki apwopriye yo.



## REKRITMAN

Anboche anplwaye ki gen talan pou louvri yon nouvo biwo oswa elaji biznis ou ki egziste deja.



## FÒMASYON

Bay anplwaye ou yo konpetans yo bezwen pou voye biznis ou nan yon lòt nivo.



## FASON POU VANN BAY GOUVÈNMAN AN

Aprann kisa ou bezwen fè pou w ka yon vandè gouvènman.



## SÈTIFIKASYON M/WBE

Sètifye pou w ka al dèye kontra gouvènman ak jwenn aksè pwogram ki fèt espesyalman pou ede ti biznis yo grandi.

# > RETE A JOU

BIZNIS

[nyc.gov/business](https://nyc.gov/business)

SITWÈB ETA A

[forward.ny.gov](https://forward.ny.gov)

Enfòmasyon ki chanje

rapid ki gen rapò

ak COVID-19

Egzijans eta yo chanje rapid epi biznis yo responsab pou yo rete ajou ak an konfòmite. SBS la pou ede ou.

MIZAJOU JENERAL YO

Voye tèks COVID bay **692-692**

SANTE

[nyc.gov/coronavirus](https://nyc.gov/coronavirus)

# Key to NYC (Solisyon Pou Vil New York)



- Apati **17 Out**: Biznis ki bay **sèvis amizman, sèvis manje, oswa sèvis espò ki fèt ANNDAN** yo, oblije verifiye estati vaksinasyon pèsonèl la ak kliyan ki gen omwen 12 lane oswa plis yo epi se sèlman moun ki pran vaksen (omwen yon dòz) yo dwe kite antre anndan an.
- L ap anvigè nan semèn **13 Septanm 2021**. Sanksyon yo kòmanse nan \$1,000 epi yo ka rive jiska \$5,000 pou moun k ap pran kontravansyon vire tounen yo.
- Ekip sansibilizasyon yo ap mache de pòt-an-pòt nan katye ki nan Vil la pou pale ak pwopriyetè biznis yo sou pwogram Key to NYC a (Solisyon Pou Vil New York).


## Biznis ki gen ladan yo:



**Sèvis Manje:** Restoran, sal resepsyon, espas pou evènman yo, chanm bankè otèl yo, ba, bwat denwi, kafeterya, episri ki gen restoran anndan yo, kote yo bwè kafe, epi manje fashoud oswa sèvis rapid ki gen restoran ANNDAN.




**Sèvis Espò:** Jimnazyòm, sant espò, klas espò, pisin, estidyo ki anndan ak sal dans ki anndan.



**Sèvis Divètisman:** sal sinema, sal mizik ak sal konsè yo, mize ak galri, akwaryòm ak zou, estad pou espò pwofesyonèl, estad anndan yo, sant kongrè yo, sal ekspozisyon yo, teyat sou sèn, sal pou jwe boling, sal pou jwe, sal pou jwe biya, sant jwèt lwazi, amizman pou adilt, epi espas pou jwe anndan.

# Egzijans "Key to NYC" fè sèvis Manje, sèvis Espò, epi sèvis Divètisman ki fèt Anndan yo


- Verifye estati vaksinasyon anplwaye yo epi kliyan ki gen omwen 12 lane oswa plis yo. Se sèlman moun ki pran deja omwen yon dòz vaksen ki ka antre.
- Afiche avi "Key to NYC" a yon kote ki byen vizib pou kliyan yo ka wè li anvan yo antre. Telechaje kopi li nan [nyc.gov/KeyToNYC](https://nyc.gov/KeyToNYC) oswa rele 311.
- Verifye Idantite nenpòt moun ki sanble genyen 18 lane oswa plis, an menm tan, tou verifye prèv vaksinasyon ki pèmèt moun antre nan yon espas ki anndan.
- Fè yon plan alekri ki dekri fason ou pral verifye prèv vaksinasyon pou pèsònèl la ak kliyan yo. Dosye a dwe sou plas epi li dwe disponib pou enspeksyon.
- Konnen prèv ki valab pou vaksinasyon an (Aplikasyon NYC Covid Safe, NY State Excelsior Pass (kat Excelcior Pass pou Eta New York la), kat CDC, oswa lòt dokiman ofisyèl)).



NYC COVID Safe App



NY State Excelsior Pass



CDC card

# Aranjman Rezonab "Key to NYC" yo

## KLIYAN YO



- Si yon kliyan pa kapab montre prèv vaksinasyon li an akòz yon andikap, ou dwe kòmanse pale avè l nan yon dyalòg kote youn vle kolabore ak lòt, yon fason pou wè si yon aranjman rezonab ta kapab vin posib.
- Aranjman rezonab yo ka pran anpil fòm (pa egzanp, kliyan ka achte manje pou li pot ale, rantre nan yon klas vityèl, oswa pale ak yon reprezantan pa telefòn).

## ANPLWAYE YO



- Patwon yo dwe bay aranjman rezonab pou andikap, gwosès, kwayans relijye, oswa sila ki gen estati moun ki viktim vyolans nan kay, asèlman, oswa ofans seksyèl.
- Si yon anplwaye mande pou fè yon eksepsyon nan youn (1) pami rezon ki endike anwo a, ou dwe kòmanse pale avè l nan yon dyalòg kote youn vle kolabore ak lòt, yon fason pou wè si yon aranjman rezonab ta kapab vin posib.
- Aranjman rezonab yo ka pran anpil fòm (pa egzanp, travay adistans, fè kèk travay etan deyò oswa travay yon kote ki byen lwen lòt anplwaye oswa kliyan yo, pran yon konje).

### SA BYEN:

Ou pa dwe bay yon aranjman rezonab si li ka koz yon menas dirèk pou lòt kliyan oswa anplwaye ki nan biznis ou an oswa si li ka enpoze yon eprèv ki twòp pou biznis ou an.

# Resous "Key To NYC" Genyen pou Ede yo



New York City requires  
**you** to be vaccinated  
against COVID-19  
to enter this business

Those 12 years of age and older  
**must show proof of  
COVID-19 vaccination**

To find out where to get a free COVID-19 vaccine  
visit [nyc.gov/vaccinefinder](https://nyc.gov/vaccinefinder) or  
call **877-VAX-4NYC** (877-829-4692)



For more information,  
please visit  
[nyc.gov/keytoNYC](https://nyc.gov/keytoNYC)



You have a right to be free  
from discrimination or  
harassment from businesses  
such as gyms and restaurants.  
Contact the NYC Commission  
on Human Rights at  
[NYC.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights).

**NYC VACCINE FOR ALL:  
SAFE, FREE, EASY**

**NYC**

- **SITWÈB**  
tout resous ki nan lis anba a disponib nan [nyc.gov/KeyToNYC](https://nyc.gov/KeyToNYC)
- **AVI YO**  
biznis yo dwe enprime epi afiche yo
- **KESYON MOUN POZE SOUVAN (Frequently Asked Questions, FAQ)**  
reponn kesyon sou zafè biznis, moun pi souvan jwenn yo poze yo
- **REZOLISYON KONFLI**  
Videyo fòmasyon pou biznis yo
- **LIY DIRÈK**  
atravè Depatman Sèvis pou Ti Biznis nan Vil New York la (NYC Department of Small Business Services), pou ti biznis yo rele: (888) SBS-4NYC (888-727-4692)
- **DENONSE YON FO FICH:**  
Rele 311 oswa 833-VAX-SCAM (833-829-7226) oswa voye yon imèl bay [STOPVAXFRAUD@health.ny.gov](mailto:STOPVAXFRAUD@health.ny.gov)
- **DISKRIMINASYON:**  
Kontakte Komisyon Dwa Moun nan Vil New York la (NYC Commission on Human Rights) nan [nyc.gov/HumanRights](https://nyc.gov/HumanRights) oswa rele 311

**GID ETA** yo pou kounye a  
ochwa, epi mèt biznis lan  
ap fè sa li vle a



- **DISTANS FIZIK**
- **EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL (PERSONAL PROTECTIVE EQUIPMENT, PPE)**
- **NETWAYAJ + IJYÈN**
- **EGZAMEN SANTE**
- **KOMINIKASYON**

**KONSÈY:**

Moun ki pa vaksinen yo dwe toujou kontinye mete mask, selon gid federal CDC a.

# Egzijans pou Etablisman Manje ak Bwason yo



- Apati 24 Jen, **Eta Dijans pou Katastwòf la** (Lòd Egzekitif 24) te fini.
- Yo pa otorize zafè **vann alkòl pou ale avè l la ankò**, epi li dwe rekòmanse fèt jan sa ye dapre lalwa a.
- Apati **19 Jiyè**, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal nan Vil New York la (NYC Department of Health and Mental Hygiene) ap **rekòmanse fè enspeksyon konplè yo**, ki gen ladan li bay nòt an lèt epi fè konvokasyon ki ka debouche sou yon amann.
- Asanble Lejislati Eta New York la (NY State Legislature) **anile lòd ki te mande pou vann manje epi achte bwason ki gen alkòl nan restoran ak ba yo.**
- **Yo otorize sèvis manje anndan yo fonksyone a 100% kapasite yo nan Vil New York**, men yo dwe respekte gid Depatman Sante Vil New York la (NYS Department of Health guidance).
- **Kouvrefe a minui (12 a.m.) ki te pou sèvis manje anndan yo leve. NOTE SA BYEN: Fèmti a minwi (12 a.m.) ki pou Open Restaurants (Restoran ki Louvri) nan wout yo ak bò twotwa yo, toujou rete anvigè.**
- Apati 7 Jiyè, restoran k ap sèvi alkòl deyò akòz pwogram Open Restaurants lan dwe **depoze yon demann nan Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA)** anvan 5 Oktòb.

# Pwogram "Open Restaurants" nan Vil New York la Pèmèt Moun Manje Deyò pandan Tout Ane a




Pwogram plizyè faz nan tout vil la agrandi opsyon pou chita deyò pou kote yo vann manje pou ankouraje espas louvri, amelyore distans sosyal, oswa ede yo kanpe sou de pye yo pandan moman difisil sa a.

Jwenn plis enfòmasyon epi aplike pou mete chèz deyò sou twotwa a ak/oswa sou wout la nan ba oswa restoran ou nan

[nyc.gov/openrestaurants](https://nyc.gov/openrestaurants)

## NYC Open Restaurants Kritè pou Chita



# RESOUS YO

Genyen anpil resous ki disponib pou ede ou relouvri



➤ LIY DIRÈK, GID, KONSILTASYON, AK SEMINÈ SOU ENTÈNÈT

➤ ASISTANS FINANSYÈ

➤ KOU EDIKASYON KOMÈSYAL SOU ENTÈNÈT

➤ KONSÈY POU BIZNIS

➤ ANYÈ KI GEN FOUNISÈ EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL YO (PPE SUPPLIER DIRECTORY

➤ ASISTANS POU KONTRA LOKASYON KOMÈSYAL

➤ SIPÒ POU ANPLWAYE

➤ MANYÈL ADAPTASYON

## KONSÈY:

Al gade nan [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business) pou jwenn plis enfòmasyon.

# NYC QUICK START

## (PWOGRAM DEMARE BIZNIS BYEN VIT NAN VIL NEW YORK)



Yo bay pwopriyetè biznis yo yon kontak ki pou ede yo diminye tout peripesi ki genyen nan zafè regle papye administratif yo pou lè w ap louvri oubyen re-louvri yon biznis. Konsiltan yo PA pral ba w kontravansyon ni fè w peye amann epi yo kapab ede ou evite yo pi devan.

**Biznis ki elijib yo se fasad nan sektè ki vini annapre yo:**

- **Sèvis Manje** (Ba, Restoran, Episri, Bodega)
- **Komès an Detay** (Makèt, Rad, Aparèy Elektwonik, elatriye)
- **Swen Pèsonèl** (Estidyo Zong, Estidyo Cheve, Sant Gadri, Jimnazyòm, Sant Espò)

Rele **888-SBS-4NYC (888-727-4692)** oswa ale sou **[nyc.gov/quickstart](https://nyc.gov/quickstart)** pou enskri pou yon konsiltasyon

### ➤ ÈSKE OU TE KONNEN?

Konsiltan NYC Quick Start yo ka ede w diminye tan pwosesis pou lisans, pèmi, ak lòt egzijans a 50%? Sa vle di pòt ou ap louvri pi vit!

# ASISTANS FINANSYÈ



Gen prè ak sibvansyon ki disponib atravè òganizasyon gouvènmantal, òganizasyon benevòl ak òganizasyon prive yo.

Rele 311 oswa ale sou [nyc.gov/financingassistance](https://nyc.gov/financingassistance) pou kontakte reprezantan ki kapab pale sou opsyon ou genyen yo ak fason pou aplike.

## ➤ ÈSKE OU TE KONNEN?

Sant Solisyon pou Biznis ki nan Vil New York yo (NYC Business Solutions Centers) travay avèk plis pase 40 pretè epi yo ka ede w jwenn asistans finansyè k ap pi bon pou ou a, epi fè w konnen fason pou aplike.

# ASISTANS POU KONTRA LOKASYON KOMÈSYAL

Konsiltasyon jiridik gratis ak kou sou biznis sou entènèt kapab ba ou konsèy sou:

- Fason pou siyen yon nouvo kontra lokasyon
- Fason pou modifye, renouvle, oswa anile yon kontra lokasyon komèsyal ki egziste deja
- Fason pou abòde yon pwoblèm ki gen pou wè ak yon kontra lokasyon komèsyal
- Reprèzantasyon legal nan tribinal pou pwoblèm lokasyon, tankou depoze yon avi konparisyon pou ti biznis k ap fè fas ak degèpisman

Rele 311 oswa ale sou [nyc.gov/comlease](https://nyc.gov/comlease) pou mande èd ak kontra lokasyon komèsyal ou a.

## ➤ ÈSKE OU TE KONNEN?

Selon pozisyon ou ak sitiyasyon ou ye kounye a, idantifye epi konprann egzakteman sa oumenm ak biznis ou a bezwen nan men pwopriyetè w la pou li relanse. Se pou ou sensè ak onèt sou sitiyasyon ou pandan COVID-19 la. Espesyalman, eksplike fason pandemi an ap afekte biznis ou an.



# KOU EDIKASYON KOMÈSYAL SOU ENTÈNÈT



## Kou pou Ede Biznis yo Adapte yo epi Bay Bon Rezilta

Monn lan ap bouje plis an plis sou entènèt la, epi yon prezans biznis yo sou entènèt vin pi enpòtan toujou. Aprann fason pou prepare ak adapte biznis ou an ak pil kou sou biznis sou entènèt ki disponib, ki gen ladan yo:


- Fason pou Kreye Pwòp Sitwèb ou
- Optimizasyon Motè Rechèch
- Estrateji Mak pou Ogmante Lavant ak Fè Konkirans
- Fason pou Kreye Kontni Kliyan ou yo ap Bay Valè

Pou jwenn yon lis konplè kou yo ofri yo epi pou enskri, ale sou: [nycsmallbizcourses.eventbrite.com](https://nycsmallbizcourses.eventbrite.com)

## ➤ ÈSKE OU TE KONNEN?

93% moun k ap achte yon bagay sou entènèt itilize motè rechèch tankou Google, epi 92% nan klik yo fè yo ale nan premye paj ki parèt la. Fason pou optimize sitwèb ou an pou motè rechèch yo enpòtan anpil.

# THE NEW NORMAL: ADAPTING YOUR BUSINESS (NOUVO PRENSIP LA: ADAPTE BIZNIS OU A)



## Manyèl la plis yon seri seminè pou ede w retabli epi adapte w

Yo fèt pou biznis fizik ak biznis adistans yo yon fason separe, pwogram sa a ede pwopriyetè biznis ki aktif yo oswa ki te aktif yo, adapte epi gade pi lwen pase retablisman akoutèm lan gras ak sijè sa yo:

**Reponn:** Pwoteje kliyan yo, anplwaye yo, ak kominote yo

**Retabli:** Retabli, aprann, epi vin pi fò

**Pwospere:** Prepare ou pou w ka reyisi nan pwochen "prensip" la

Pou gen aksè ak manyèl la epi enskri nan yon seri seminè, ale sou: [nyc.gov/adaptmybiz](https://nyc.gov/adaptmybiz)

## ➤ ÈSKE OU TE KONNEN?

Konseye k ap patisipe nan pwogram Konsèy pou Ti Biznis nan Vil New York yo (Small Business Mentors NYC ) te reyisi adapte biznis pa yo a ak moman difisil ki te genyen pandan COVID-19 la epi yo te reyisi fè biznis yo a grandi plis. Gade kòman yo ka ede w!

# KONSÈY POU BIZNIS



Ekspè nan zafè biznis ki ka ede w kòmanse oswa devlope biznis ou.

Konseye yo disponib pou ede antreprenè Nwa yo, biznis ki an Minorite yo ak biznis Ki Pou Fanm yo, epi biznis ak fasad yo, ki nan katye ki pa jwenn bon sèvis pou yo ta ka kòmanse, adapte, oswa grandi.

- **Konseye pou Ti Biznis nan Vil New York yo:** Ede mèt biznis ak fasad ki deja egziste yo, retabli epi grandi.
- **Konseye pou Antreprenè Nwa nan Vil New York yo (Black Entrepreneurs NYC, BE NYC):** Pou antreprenè Nwa ki nan faz anvan-demaraj ak demaraj biznis yo, ki konsantre sou endistri ki gen gwo kwasans yo.
- **Konseye pou Biznis ki an Minorite yo ak Biznis Ki Pou Fanm yo (Minority and Women-Owned businesses, M/WBE):** Ede Biznis sa yo (M/WBE) devlope rezo pwofesyonèl yo a epi elaji aksè pou resous yo epi chans pou jwenn kontra yo.

## ➤ DID YOU KNOW?

The mentors participating in Small Business Mentors NYC successfully adapted their business to grow during COVID-19. See how they can help!

Pou jwenn plis enfòmasyon epi pou kapab enskri, ale sou [nyc.gov/businessmentors](https://nyc.gov/businessmentors) oswa rele **311**.

# SIPÒ POU ANPLWAYE



Konnen ak respekte egzijans yo epi pataje resous yo pou pwoteje anplwaye w yo:

- **Konje Sekirite ak Konje Maladi**

Patwon yo dwe bay konje sekirite ak konje maladi anplwaye yo kapab itilize pou yo pran swen tèt yo oswa yon fanmi. Rele 311 oswa ale sou [nyc.gov/paidsickleave](https://nyc.gov/paidsickleave) pou jwenn plis enfòmasyon.

- **Pwoteksyon Travay kont Karantèn**

Li garanti pwoteksyon travay ak peman pou rezidan New York ki te an karantèn akòz COVID-19 la. [Li plis bagay la a.](#)

- **Sante Mantal**

Li nòmal pou reyaji ak emosyon fas ak estrès. Si oumenm/ pèsonèl ou santi nou gen estrès oswa enkyetid, kontak [NYC Well](#) nan 888-NYCWELL oswa voye tèks WELL bay 65173.

- **Diskriminasyon ak Tizonay**

Si yo te tizonnen ou/si yo te tizonnen pèsonèl ou a akòz ras, peyi orijin oswa lòt idantite, rele 311 oswa 718-722-3131 pou siyale sa bay [Komisyon Vil New York sou Dwa Moun.](#)

- **Plan Swen Sante NYC Cares**

Sèvis swen sante ki pa koute chè epi ki gratis pou Nouyòkè ki pa kapab peye oswa ki pa kalifye pou asirans sante. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyccare.NYC](https://nyccare.NYC).

- **Pwogram Pataj Travay**

Li pèmèt travayè yo travay a tan pasyèl epi kolekte yon pati nan alokasyon chomaj la pandan jiska 26 semèn. Jwenn plis enfòmasyon nan: [labor.ny.gov/ui/employerinfo/shared-work-program.shtm](https://labor.ny.gov/ui/employerinfo/shared-work-program.shtm).

- **Fòmasyon pou Anplwaye**

Fòmasyon gratis pou ede anplwaye yo adapte yo ak nouvo teknoloji yo epi pwotokòl sekirite pou COVID-19 la. [Plis isit la.](#)

- **Sant Karyè Workforce1 yo**

Sèvis adistans yo disponib pou ou konnen epi pou ou aplike pou opòtinite travay ak opòtinite fòmasyon ki gen nan moman an nan [nyc.gov/getwork](https://nyc.gov/getwork).

# ANYÈ KI GEN FOUNISÈ EKIPMAN PWOTEKSYON PÈSONÈL YO



Chache anyè ki gen founisè nou yo ladan l lan pou ka jwenn bagay pou kouvri figi oswa lòt Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE) ki pa pou zafè medikal tankou dezenfektan pou men, gan, baryè pwoteksyon an plastik, mèb biwo, elatriye.

Ale sou [nyc.gov/business](https://nyc.gov/business) pou revize lis founisè Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl yo.

## ➤ ÈSKE OU TE KONNEN?

Si yon kliyan refize respekte règ ki konsène bagay pou kouvri figi yo ak distans fizik la, ou gendwa mande moun lan pou li kite espas la. Si se akòz yon andikap, nou dwe negosye yon aranjman ki rezonab.



# ➤ ÈSKE OU GEN KESYON?

LIY DIRÈK

**888-SBS-4NYC**

**(888-727-4692)**

IMÈL

**[covid19biz@sbs.nyc.gov](mailto:covid19biz@sbs.nyc.gov)**